**दिन– शनिवार** **दिनांक–21.06.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

आइ एगारहम अंतर्राष्ट्रीय योग दिवस अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एहि अवसर पर आंध्र प्रदेशक विशाखापत्तनम मे आयोजित मुख्य आयोजन मे सम्मिलित भेलाह। प्रधानमंत्रीक संग तीन लाख सँ बेसी प्रतिभागी एहि योग सत्र मे भाग लेलनि। एहि मे भारतीय नौसेनाक एगारह हजार कर्मी सेहो सम्मिलित छलाह। योग सत्र विशाखापत्तनम के आर. के. बीच सँ भोगपुरम धरि लगभग छब्बीस किलोमीटर के दायरा मे आयोजित भेल। एहि आयोजन सँ नव गिनीज विश्व रिकॉर्ड बनेबाक आशा अछि। एहि अवसर पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी देश आ दुनियाक सभ लोक के अंतर्राष्ट्रीय योग दिवसक शुभकामना देलनि। प्रधानमंत्री योग के वैश्विक आंदोलन बनेबाक अपील कयलनि। ओ कहलनि जे योग पूरा विश्व के जोड़ि रहल अछि। श्री मोदी कहलनि जे सरकार योगक वैज्ञानिकता के आधुनिक चिकित्सा पद्धति मे स्थान दियेबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। प्रधानमंत्री मोटापाक चुनौती सँ निपटबाक लेल लोक सभ सँ योग अपनेबाक अपील कयलनि। संगहि ओ विश्वभरिक लोक सभ सँ एक बेर फेर अपन भोजन मे खाद्‌य तेल मे दस प्रतिशत धरिक कमी अनबाक आह्‌वान कयलनि।

---

प्रदेश मे योग दिवस पर कतेको कार्यक्रम आ योग सत्रक आयोजन कयल गेल। राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां के नेतृत्व मे राजभवन परिसर मे कर्मी आ अधिकारी सभ सामूहिक रूपें योगभ्यास कऽ विश्व योग दिवस के स्मरणीय बनौलनि। विधानसभा अध्यक्ष नंदकिशोर यादव पटना सिटी मे आयोजित शिविर मे भाग लेलनि। एम्हर, आयुष मंत्रालयक दिस सँ राजधानी पटनाक कंकड़बाग स्थित पाटलिपुत्र खेल परिसर मे मुख्य समारोहक आयोजन कयल गेल। एतऽ उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, विजय कुमार सिन्हा, स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय सहित कतेको गणमान्य लोकनि सामूहिक योगाभ्यास कार्यक्रम मे भाग लेलनि। प्रदेशक सभ सरकारी आ निजी विद्यालय सभ मे सेहो योगाभ्यास सत्र– योग संगम के आयोजन कयल गेल। जाहि मे पैघ संख्या मे शिक्षक आ छात्र–छात्रा सभ भाग लेलनि।

---

मुंगेर स्थित बिहार योग विद्यालय मे एहि अवसर पर योगाभ्यासक विशेष सत्र आयोजित कयल गेल। हमर संवाददाता जनौलनि जे विभिन्न जिला मुख्यालयक संग–संग पंचायत आ स्थानीय निकाय सभ मे योग शिविरक आयोजन कयल गेल। मधुबनी जिला मे सशस्त्र सीमा बल जयनगर आ भारत–नेपाल सीमा पर स्थित समस्त चौकी पर योग कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल। ओतहि, अररिया, जहानाबाद, कैमूर, बांका, भागलपुर, खगड़िया, नवादा, रोहतास, मधेपुरा, गया सहित सभ जिला मे योग सत्रक आयोजन कयल गेल। जाहि मे प्रशासनिक अधिकारी, पुलिस पदाधिकारी सहित आन लोक सभ भाग लेलनि। एम्हर, निर्वाचन आयोगक निर्देश पर अंतर्राष्ट्रीय योग दिवस पर प्रदेश भरि मे मतदाता जागरूकता कार्यक्रम आयोजित कयल जा रहल अछि।

——————————————————————

एगारहम अंतर्राष्ट्रीय योग दिवसक अवसर पर सूचना आ प्रसारण मंत्रालय के सचिव संजय जाजू वरिष्ठ अधिकारी लोकनिक संग आइ नव दिल्ली स्थित राष्ट्रीय मीडिया केन्द्र मे योग सत्र मे भाग लेलनि।

——————————————————————

राज्य सरकार वृद्धजन, दिव्यांगजन आ विधवा लोकनिक लेल सामाजिक सुरक्षा पेंशनक राशि मे वृद्धि कयलक अछि। वर्तमान चारि सय टाकाक स्थान पर आब पेंशन राशि एगारह सय टाका देल जायत। बढ़ल राशिक भुगतान एहि मासक एगारह तारीख सँ प्रभावी मानल जायत। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सोशल मीडिया पर एक ट्वीट के मध्यमे ई जनतब साझा कयलनि।

——————————————————————

उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सामाजिक सुरक्षा पेंशनक राशि बढ़ाओल जयबाक निर्णय के ऐतिहासिक जनौलनि अछि। जदयू सांसद आ केन्द्रीय कृषि आ किसान कल्याण राज्य मंत्री रामनाथ ठाकुर विशेष वर्ग के लोक सभक पेंशन राशि बढ़ाओल जयबाक निर्णय के स्वागत कयलनि। श्री ठाकुर समस्तीपुर मे संवाददाता सभ सँ गपशप करैत एहि लेल मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के धन्यवाद ज्ञापित कयलनि अछि। एम्हर नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव कहलनि जे आगामी चुनाव मे अपन खराब स्थितिक आकलन करैत सरकार डैमेज कंट्रोलक प्रयास कयलक अछि।

——————————————————————

प्रदेशक विभिन्न स्थान पर मॉनसूनक सक्रियता सँ वर्षा भऽ रहल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार गया, औरंगाबाद, कैमूर, रोहतास, किशनगंज, अररिया, पूर्णियां सहित कतेको जिला मे तेज वर्षा दर्ज कयल गेल। विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक जे आइ पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण, किशनगंज, अररिया, भागलपुर, बांका आ कटिहार जिला मे कतेको ठाम भारी वर्षाक संभावना अछि। मौसम विभाग अगिला एक सँ दू घंटाक दरमियान पटना, भोजपुर, जहानाबाद, गया, नवादा, लखीसराय आओर मुंगेर जिला मे एक–दू स्थान पर मेघगर्जन,वज्रपात आओर अन्हर–पानि के अलर्ट जारी कयलक अछि।

———————————————————————

समाप्त